

Boulevard Heights Elementary School
Katherine Familia, Principal
Sylvia Gonzalez, Assistant Principal
7201 Johnson St.
Hollywood, Florida 33024
phone: 754-323-4950 • fax: 754-323-4990
katherine.familia@browardschools.com

**The School Board of
Broward County, Florida**

Lori Alhadeff, Chair
Debra Hixon, Vice Chair

Torey Alston
Brenda Fam, Esq.
Daniel P. Foganholi
Dr. Jeff Holness
Sarah Leonardi
Nora Rupert
Dr. Allen Zeman

Earlean C. Smiley, Ed.D.
Interim Superintendent

Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)
Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon Pwofesè/Parapwofesyonèl
*(Annual Notice to Parents/Guardians (Right-to-Know) –
Right to Request Teacher/Paraprofessional Qualifications)*

Septanm 5, 2023
Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [*Every Student Succeeds Act (ESSA)*], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifiye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sitiyasyon ijans (emèjenssi) oswa dapre lòt klòz ki mansyone nan kontra;
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon *major*, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obteni diplòm/sètifikasyon, sik etid siperyè;
- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan tès evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la (754) 323-7200 \ epi mande pale ak Mrs. Jodi Rice pou Boulevard Heights Elementary School.

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,



Katherine Familia